

KONPRANN IZÒLMAN AK KARANTÈN POU COVID-19

Petèt ou gendwa pa fin konnen kisa ou dwe fè si ou te ekspoze ak yon moun ki gen COVID-19, si ou te devlope sentòm, oswa si ou te fè yon tès ki pozitif. Enfòmasyon sa yo, ki baze sou nouvo machaswiv CDC a, pral ede kenbe oumenm ak lòt moun yo an sekirite.

Mwen te teste pozitif pou COVID-19. E kounyeya?

Ou enfekte avèk COVID-19 oswa ou gen sentòm. Rete lakay ou epi rete lwen lòt moun kèlkeswa sentòm yo ak sitiyasyon vaksinasyon ou.



KILÈ POU OU KÒMANSE AK FINI IZÒLMAN AN

RETE LAKAY OU PANDAN OMWEN 5 JOU	<ul style="list-style-type: none">• Izole tèt ou de lòt moun ki nan kay ou. Jou 1 se premye jou konplè aprè sentòm ou yo te parèt oswa aprè yo te kolekte echantiyon tès ou an.• Itilize yon chanmakouche oswa yon chanm ak twalèt pou maladi apa si sa posib.
FINI IZÒLMAN	<ul style="list-style-type: none">• Si ou te gen sentòm, ou kapab mete fen ak izòlman an aprè 5 jou si ou san lafyèv pandan 24 èdtan (san ou pa itilize medikaman pou bese lafyèv) epi sentòm ou yo ap amelyore.• Si ou pa te gen sentòm, ou ka mete fen nan izòlman an nan 5 jou konplè apre tès pozitif ou an.• Mete yon mask lè ou bò kote lòt moun nan tout anviwònman pandan yon lòt 5 jou.• Si ou pa kapab mete yon mask, ou dwe izole tèt ou pandan 10 jou konplè.
JISKA JOU 10	<ul style="list-style-type: none">• Evite moun yo nan kay la ak bèt domestik yo. Mete yon mask, menm lakay ou bò kote lòt moun. Pa ale nan kote ou pa kapab mete yon mask. Evite vwayaje ak rete bò kote moun ki gen gwo risk yo, tankou moun ki nan lopital ak nan mezon retrèt yo, oswa moun k ap resevwa tretman pou maladi tankou kansè.

DEKOUVRI KIKOTE POU PRAN **VAKSEN POU COVID-19 OU AN GRATIS**



VIZITE
de.gov/covidvaccine



RELE
1-833-643-1715



IMÈL
vaccine@delaware.gov

**COVID-19
SISPANN
AVÈK nou**



Mwen te ekspoze ak yon moun ki genyen COVID-19. E kounyeya?



SI OU PA VAKSINEN OSWA OU PA AJOU* AVÈK VAKSINASYON OU YO

<p>METE TÈT OU NAN KARANTÈN PANDAN 5 JOU</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Rete lakay ou pandan omwen 5 jou. Jou 1 se premye jou konplè ou aprè ou te ekspoze a. • Mete yon mask ozalantou lòt moun nan kay ou. • Fè tès nan jou 5 si sa posib, menm si ou pa gen sentòm yo.
<p>PANDAN 5 JOU APRÈ È KARANTÈN</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Siveye sentòm yo pandan 10 jou konplè aprè ekspozisyon an. • Si ou vin gen sentòm yo, fè tès epi izole tèt ou. • Mete yon mask epi evite wwayaje ak rete bò kote moun ki gen gwo risk yo, tankou moun ki nan lopital ak moun ki nan mezon retrèt yo, oswa moun k ap resevwa tretman pou maladi tankou kansè. • Si ou pa kapab mete yon mask, mete tèt ou nan karantèn pandan 10 jou konplè.

SI OU AJOU* AVÈK VAKSINASYON YO OSWA OU TE TESTE POZITIF POU COVID-19 AVÈK YON TÈS VIRAL NAN 90 JOU KI SOT PASE YO

<p>PA METE TÈT OU NAN KARANTÈN MEN IZOLE TÈT OU SI OU GEN SENTÒM</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Mete yon mask epi evite wwayaje ak rete bò kote moun ki gen gwo risk yo, tankou moun ki nan lopital ak moun ki nan mezon retrèt yo, oswa moun k ap resevwa tretman pou maladi tankou kansè. • Siveye sentòm yo pandan 10 jou konplè aprè ekspozisyon an. • Si ou vin gen sentòm yo, fè tès epi izole tèt ou. • Si ou pa kapab mete yon mask, mete tèt ou nan karantèn pandan 10 jou konplè. • Fè tès nan jou 5 si sa posib. Tès la pa nesèsè si ou te refè sot nan COVID-19 nan dènye 90 jou yo.
---	--

*Definisyon ajou se lè ou vaksinen konplètman epi ou te resevwa tout vaksen anplis ki rekòmande yo, sa gen ladan rapèl si ou kalifye oswa lè ou kalifye, epi vaksen primè siplemantè yo (twazyèm dòz) adisyonèl si ou gen defisyans sistèm iminitè.

Jwenn konsèy CDC ki pi resan yo sou izòlman ak karantèn nan [de.gov/quarantine](https://www.cdc.gov/quarantine).

DEKOUVRI KIKOTE POU PRAN **VAKSEN POU COVID-19 OU AN GRATIS**



VIZITE
de.gov/covidvaccine



RELE
1-833-643-1715



IMÈL
vaccine@delaware.gov

**COVID-19
SISPANN
AVÈK *noù***

